

Enskri pou asirans sante bon mache oswa gratis jodi a



**Jwenn èd gratis nan men yon konseye ki
sètifye nan zafè aplikasyon pou asirans
kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou**

- Rele yon konseye nan Depatman Sante Vil New York la pou ede ou
enskri – gade nan dènye paj tiliv sa a pou jwenn detay yo
- Vizite nyc.gov/health/healthcoverage pou plis enfòmasyon


**Yon konseye ki sètifye nan zafè
aplikasyon pou asirans nan
Depatman Sante Vil New York
ka ede ou menm ak fanmi ou
enskri pou asirans sante ki bon
mache oswa gratis nan **New York
State of Health: Mache Plan Sante
Ofisyèl** la.**

Konseye nou yo pral:

- **Eksplike opsyon asirans
sante ak swen ou, kèlkeswa
sitiyasyon imigrasyon ou**
- **Ede ou menm ak fanmi
ou **enskri** oswa **renouvle**
asirans sante**
- **Chache konnen si ou kalifye
pou èd finansye pou peye yon
plan asirans sante prive ki
bon mache**

**Nou kapab ede ou avèk aplikasyon
pou avantaj Pwogram Èd Nitrisyon
Siplementè (Supplemental
Nutrition Assistance Program,
SNAP) (oupon pou achte manje).**

**Gen èd ki disponib nan lang
ou, epi enfòmasyon ou yo ap
rete prive.**



Pwogram asirans sante bon mache oswa gratis	Kilè ou kapab aplike?	Kimoun ki kalifye?
Medicaid	Pandan tout ane a	Moun, fanmi ak timoun ki gen revni ki ba ak resous limite.
Child Health Plus (CHP)	Pandan tout ane a	<p>Timoun ki poko gen 19 lane ki pa kalifye pou Medicaid epi ki pa gen lòt pwoteksyon asirans sante.</p> <p>Timoun yo ka jwenn pwoteksyon asirans kèleswa sitiyasyon imigrasyon yo.</p>
Plan Esansyèl (Essential Plan, EP)	Pandan tout ane a	Moun ki gen revni ki ba epi ki pa kalifye pou Medicaid oswa Child Health Plus.
Qualified Health Plan (QHP)	<p>Pandan Peryòd Enskripsyon</p> <p>Lib anyèl la ki kòmanse chak mwa Novanm oswa si ou Fè</p> <p>Eksperyans yon Evènman Lavi ki Kalifye*</p>	<p>Moun ki gen revni ki ba oswa yon revni mwayen epi ki pa kalifye pou Medicaid ka achte asirans sante privé.</p> <p>Ou ka kalifye pou èd finansye, selon revni ou.</p>

*Yon evènman lavi ki kalifye gen ladan enstalasyon nan Eta New York; maryaj; nesans
oswa adopsyon yon timoun; chanjman nan revni ou; oswa si ou pèdi asirans sante ou.

Asirans Sante ak Opsyon Swen

Pou moun ki gen 65 lane oswa plis, k ap viv avèk yon andikap, oswa ki gen pwoblèm pou wè

Ou kapab jwenn èd gratis pou aplike nan Medicaid, Medicare ansanm ak Pwogram Ekonomi Medicare la, ki ap ede ou peye depans Medicare yo. Rele nan 347-396-4705 pou pran yon randevou.*

*Asistans pou aplike pou Medicaid oswa Pwogram Ekonomi Medicare la separe ak sèvis Mache New York State of Health la.

Pou Imigran yo

Ou menm ak fanmi ou kapab kalifye pou asirans sante bon mache oswa gratis pa mwayen New York State of Health: Mache Plan Sante Ofisyèl la. Anpil sitiyasyon imigrasyon kapab fè ou kalifye pou jwenn pwoteksyon, tankou, san se pa sa sèlman:

- Rezidan pèmanan (yon moun ki gen yon kat rezidans)
- Refijye oswa moun yo akòde azil
- Moun ki gen viza tip U oswa tip T (pou viktim krim oswa trafik moun)
- Moun ki gen Kat Otorizasyon Travay
- Benefisyè Aksyon Difere pou Imigran ki te Rive nan Peyi a Tou Timoun (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA)
- Yon moun k ap resevwa Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS)
- Yon moun ki aplike pou nenpòt nan avantaj imigrasyon ki pi wo yo

Si ou pa fin konnen kondisyon ou oswa si ou kalifye pou asirans sante, nou la pou ede ou! Rele yon konseye pou jwenn èd gratis — gade nan dènye paj tiliv sa a pou jwenn detay yo.

Si w gen enkyetid sou fason enskripsyon nan asirans sante afekte estati imigrasyon ou, rele Liy Asistans Legal pou Imigrasyon an nan 800-354-0365 pou jwenn èd jiridik konfidansyèl, gratis.



Kèlkeswa sitiayson imigrasyon ou:

- Timoun ki poko gen 19 lane ka jwenn asirans sante nan Child Health Plus (CHP).
- Moun ki ansent ki gen revni ki ba yo ka kalifye pou kouvèti konplè pandan gwochè yo ak pandan yon ane apre gwochè yo fini.
- Asirans prive oswa asirans patwon patwone ka disponib.
- Moun ki gen 65 lane oswa plis ki gen yon revni ki fèb ka kalifye pou Medicaid.

Imigran ki gen revni ba ki pa elijib pou pwogram ki anwo yo ka elijib pou Emergency Medicaid, ki kouvari depans medikal nan yon ka ijans.

Gen swen sante bon mache oswa gratis disponib pou tout rezidan Vil New York kèlkeswa sitiayson imigrasyon yo, nan NYC Care, NYC Health + Hospitals, sant sante komunitè yo, ak nan klinik Depatman Sante Vil New York yo.



Prepare Pou Enskri Pou Asirans Sante

Li pi rapid ak pi fasil pou enskri lè ou prepare. Sanble mezi enfòmasyon ou kapab pou tout moun nan kay ou lè w ap enskri. Menm si ou pa genyen tout enfòmasyon yo kounye a, ou ka toujou kòmanse pwosesis la.

Enfòmasyon sou Moun ki Rete nan Kay la

- Nimewo Sekirite Sosyal
- Dat nesans
- Travay aktyèl ak enfòmasyon sou revni, tankou souch chèk, deklarasyon taks oswa fòm W-2
- Kat asirans, si moun nan kay ou gen asirans sante


Dokiman Imigrasyon yo

Pami bagay ki montre sitiyasyon imigrasyon ou nan Etazini, kapab gen:

- Kat Rezidan Pèmanan (Kat Rezidans / I-551)
- Kat Otorizasyon Travay (I-766)
- Sètifikasi Natiralizasyon
- Dosye Arive / Depa (I-94 oswa I-94A)
- ORR Fòmilè pou Verifye Yo Remèt yon Timoun bay Moun k ap Parennen li an (ORR UAC / R-1)
- Paspò
- Viza Ameriken ak So I-94

Yo itilize dokiman imigrasyon ou pataje ak konseye nou yo sèlman pou nou konfime pou ki pwogram ou kalifye. Yo pa ka itilize ni yo pa pral itilize yo pou okenn lòt rezon.





Konsèy itil

- Konnen istwa sante fanmi ou (medikaman, doktè).
- Si ou gen yon pwofesyonèl swen sante regilye, ekri plan asirans li aksepte. Rele biwo li si ou pa fin sèten.
- Aprann sou langaj asirans sante, tankou "dediktib," "kopeman" oswa "peryòd pwoteksyon," ki ta ka afekte pwoteksyon ou. Pou aprann kijan asirans sante mache, ale sou nyc.gov/hilink.
- Ale sou nystateofhealth.ny.gov pou aprann plis sou New York State of Health: Mache Plan Sante Ofisyèl la.

Adrès Sant Depatman Sante Vil New York Yo

Gen konseye ki disponib nan anplasman sa yo lendi rive vandredi, 8 è 30 a.m. jiska 3 è 30 p.m. Pou w jwenn enfòmasyon oswa pou w pwograme yon randevou nan telefòn pou w enskri nan asirans sante, rele nan 347-665-0214 pou yo ka dirije w pou w ale nan youn nan anplasman yo.

Bronx

Morrisania Health Center

1309 Fulton Ave., Twazyèm Etaj
Bronx, NY 10456

Tremont Neighborhood

Health Action Center

1826 Arthur Ave., Premye Etaj
Bronx, NY 10457

Manhattan

Chelsea Health Center

303 Ninth Ave., Premye Etaj
New York, NY 10001

Riverside Health Center

160 W. 100th St., Premye Etaj
New York, NY 10025

Washington Heights

Health Center

600 W. 168th St., Dezyèm Etaj
New York, NY 10032

Brooklyn

Bedford Health Center

485 Throop Ave., Dezyèm Etaj
Brooklyn, NY 11221

Bushwick Health Center

335 Central Ave., Premye Etaj
Brooklyn, NY 11221

Fort Greene Health Center

295 Flatbush Ave. Ext., Senkyèm Etaj
Brooklyn, NY 11201

Queens

Astoria Health Center

12-26 31st Ave., Dezyèm Etaj
Astoria, NY 11106

Corona Health Center

34-33 Junction Blvd., Premye Etaj
Jackson Heights, NY 11372

Jamaica Health Center

90-37 Parsons Blvd., Katriyèm Etaj
Jamaica, NY 11432

Staten Island

135 Canal St., Dezyèm Etaj
Staten Island, NY 10304

Pou plis enfòmasyon, vizite
nyc.gov/health/healthcoverage
oswa eskane kòd QR la.



Enfòmasyon Kontak Pou Sit Enskripsyon An

Adrès: _____

Non konseye a: _____

Nimewo telefòn: _____

Randevou: _____